

**NGALARAPKEUN MODEL PBL (PROBLEM BASED LEARNING)
KANGGO NGARONJATKEUN HASIL DIAJAR MURANGKALIH SISWA
KALAWAN SUBTEMA BABARENGAN DINA KARAGAMAN**

*(Panalungtikan Tindakan Kelas di Kelas IV SD Negeri Cicalengka 07 Kecamatan
Cicalengka Kabupaten Bandung)*

**Ku
Cep Dahlan Afandi
145060129**

RINGKESAN

Panalungtikan ieu kasang tukang ku hasil diajar murangkalih siswa kelas IV SD Negeri Cicalengka 07 Kecamatan Cicalengka Kabupaten Bandung. Dipendakan aya sababaraha masalah dina raraga diajar di jero kelas, salah sahijina murangkalih siswa kirang tiasa ngarengsekeun hiji permasalahan dina raraga diajar di jero kelas, yen guru teh teu tiasa ngarahkeun kegiatan diajar di jero kelas dina ngarengsekeun permasalahan murangkalih siswa sareng teu tiasa mupuk pangabisa murangkalih siswa perkawis ngabereskeun permasalahanana. Dina raraga diajar di jero kelas, guru ngan saukur ngagunakeun model ngajar heubeul, yen guru ngan saukur bisa ngalarapkeun model ceramah kukituna model diajar anu digunakeun variasina teu aya nu beda sareng kalah nyebabkeun dina raraga diajar di jero kelas katinggal monoton. Kukituna, kudu dilakukeun kagiatan diajar kalawan nganggo cara anu matak ningkatkeun hasil diajar murangkalih siswa, salah sahijina ku ngalarapkeun model PBL (Problem Based Learning) dina subtema babarengan dina karagaman. Metode anu digunakeun dina panalungtikan ieu nyaeta Panalungtikan Tindakan Kelas (PTK) model Kemmis sareng Mc. Taggart kalawan dua siklus, cara ngumpulkeun data dina panalungtikan ieu nyaeta observasi, tes, sareng angket. Hasil panalungtikan tindakan kelas anu dilakonan sasaranna nyaeta murangkalih siswa kelas IV anu jumlahna 30 kalawan anu ngahasilkeun peningkatan dina hasil diajar tur unggal siklusna barenda-beda. Dina siklus kahiji murangkalih siswa anu tuntas dugika 67%, sareng dina siklus kadua dugika 100%. Rata-rata nilai murangkalih siswa janten naraek dina unggal siklusna, dina siklus kahiji dugika 77,6 sareng dina siklus kadua dugika 83. Tina data anu dipikaboga kukituna tiasa didamel ringkesan yen diajar di jero kelas ku ngalarapkeun model PBL (Problem Based Learning) bisa ningkatkeun hasil diajar murangkalih siswa kalawan subtema babarengan dina karagaman, sareng panalungtikan ieu dinyatakeun rengse yen aya hasilna tur aya tapakna.

Kecap Pamageuh: model PBL (Problem Based Learning), hasil diajar murangkalih siswa.